

## **Dènnye Nouvèl Konsènan Biznis Planifikasyon Ibèn pa rapò ak COVID-19**

### **Biwo ki fèmen ak kontak**

Pou minimize risk pou COVID-19 pwopaje, manm pèsònèl Depatman Planifikasyon Ibèn nan (Department of City Planning, DCP) la ap travay tanporèman adistans, pandan lè nòmal nou. Biwo Santral la ak tout Biwo Minisipal yo fèmen kounye a.

Si ou bezwen èd, tanpri rele (212) 720-3300.

### **Redemaraj ULURP**

Chanjman pwosesis revizyon piblik Villa pou itilizasyon tere ([Pwosedi Revizyon Itilizasyon Teren Inifòm nan, oswa ULURP](#)) rezime 14 septanm apre sispansyon 16 mas la.

### **Pou depoze tout dokiman**

DCP te revize pwotokòl pou depoze dokiman li an tanporèman. Tanpri rele 212.720.3366 epi **kite yon mesaj vokal** oswa voye yon imèl [savila@planning.nyc.gov](mailto:savila@planning.nyc.gov).

N ap mete [Sit Aplikasyon pou Zonaj](#) la ajou kòm sadwa.

### **Lèt Verifikasyon Zonaj**

Pou mande yon Lèt Verifikasyon Zonaj, tanpri voye yon imèl [emerlo@planning.nyc.gov](mailto:emerlo@planning.nyc.gov). Tanpri note pwosesis peman an te chanje epi ou pral yon repons ak enstriksyon sou peman yo.

### **Espas Piblik ki gen Pwopriyete Prive yo ak Espas Aksè Piblik Devan Dlo yo**

Majistre Bill de Blasio **te kanpe sèten egzijans zonaj tanporèman** pou Espas Piblik ki gen Pwopriyete Prive (Privately Owned Public Spaces, POPS) ak Espas Aksè Piblik Devan Dlo yo (Waterfront Public Access Areas, WPAA) selon [Lòd Egzekitif Nimewo 128](#). Sispansyon 27 JEN 2020 an vize pou ede etablisman manje, bwason, ak sa ki vann an detay yo ak bilding komèsyal yo re-louvri apre yo te fèmen pou COVID-19 kote yo ogmante espas deyò yo ka itilize pou distans sosyal. Pou jwenn plis detay sou chanjman sa yo ak pwotokòl ki asosye ak yo, tanpri li [pwotokòl konfòmite POPS ak WPAA](#) Depatman Planifikasyon Ibèn Vil la (Dept. of City Planning, DCP).